

KARUSAKAN LINGKUNGAN PESISIR SEGARA SAJRONE NOVEL
PODHANG NGISEP SARI ANGGITANE HARI JUMANTO

E-JURNAL



Dening:
Eka Roikhatul Jannah
16020114001

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
2020

**KARUSAKAN LINGKUNGAN PESISIR SEGARA SAJRONE NOVEL PODHANG NGISEP SARI
ANGGITANE HARI JUMANTO**
Eka Roikhatul Jannah

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri
Surabaya

ekajannah16020114001@mhs.unesa.ac.id

Yunita Ernawati, S.Pd., M.Pd

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri
Surabaya

Yunitaernawati@unesa.ac.id

ABSTRAK

Novel *Podhang Ngisep Sari* ngandharake karusakan lingkungan kang dumadi ing pesisir segara ing Gunungkidul. Perkara karusakan lingkungan pesisir ndadekake kesadharane manungsa tumrap lestarine lingkungan, utamane paraga Yanti lan sakulwargane nduweni pakulinan ngresiki pesisir Pulang Sawal. Wiwit cilik Yanti wis diwulangi cara nglestarekake lan nylametakake lingkungan. Pakulinan kasebut kagawa Yanti nganti tumekane diwasa. Yanti saben sore menyang pesisir Pulang Sawal njupuki uwuh ing pesisir Pulang Sawal. Pakulinane Yanti kang ngresiki pesisir, narik kawegatene Indra. Indra minangka priya kang nyengkuyung perjuwangane Yanti nganti kasil ngedegake sawijine komunitas peduli lingkungan (Kabomuki). Andharan kasebut nuwuheke undheran panliten yaiku 1) Kepriye wujud karusakan lingkungan sajrone novel PNS?, 2) Kepriye wujud perjuwangane wanita sajrone nglestarekake lan nylametakake lingkungan sajrone novel PNS?, 3) kepriye panyengkuyunge priya tumrap perjuwangane wanita sajrone novel PNS?, 4) kepriye panyengkuyunge masarakat tumrap perjuwangane wanita sajrone novel PNS?. Perkara kasebut narik kawigaten ditliti nggunakake teori ekofeminisme sosialis transformatif kang mbabar priya lan wanita ajuwang kanthi bebarengan sajrone nylametakake lingkungan. Metodhe kang digunakake yaiku deskriptif kualitatif. Dhata primer sinumber saka novel *Podhang Ngisep Sari* anggitane Hari Jumanto, dhata sekunder sinumber saka buku referensi, lan surat kabar. Dhata dijupuk kanthi teknik pustaka lan dinjletrehake kanthi ndheskripsikake dhata. Instrument panliten yaiku panliti dhewe. Asile panliten kaperang dadi 4 yaiku, 1) Wujud karusakan lingkungan sajrone novel PNS, 2) Perjuwangane wanita nglestarekake lan nylametakake lingkungan sajrone novel PNS, 3) Panyengkuyunge priya tumrap perjuwangane wanita sajrone novel PNS, lan 4) Panyengkuyunge masarakat tumrap perjuwangane wanita sajrone novel PNS.

Tembung-tembung wigati: karusakan lingkungan, perjuwangan, ekofeminisme.

PURWAKA

Perkara karusakan lingkungan bisa disebabake anane sesambungan antara manungsa lan alam. Masalah kasebut tuwuhan saka anane gingsire kahanan lingkungan kang nyebabake lingkungan kasebut ora laras kanggo nyengkuyung proses panguripan manungsa. Karusakan lingkungan nduweni sesambungan karo gingsire kahanan lingkungan, sudane jumlah sumber daya alam, lan gingsire lingkungan global. Karusakan lingkungan kang kaya mangkono minangka masalah kang wigati amarga karusakan lingkungan ing Indonesia wis kagolong nguwatirake, akeh masalah karusakan lingkungan kang disebabake dening tumindak sedhenge manungsa tumrap alam katimbang kadadeyan

alam utawa bencana alam. Karusakan lingkungan kang disebabake dening kadadeyan alam minangka wujud interaksi alam lan manungsa. Interaksi kasebut minangka wujud tumindake manungsa kang sembrana marang lingkungan lan alam. Manungsa kang tansah njaga lan nggunakake kasugihan alam kanthi becik, bakal disuguhi kaendahan alam kang nentremake, nanging yen manungsa tumindak sembrana, ora gumati, ngrusak lingkungan bakal disuguhi sawijine karusakan alam kang nyebabake bencana alam. Bencana alam kang kedadeyan minangka wujud rasa kuciwane alam marang tumindake manungsa. Kahanan kasebut bisa mbebayani tumrap panguripan manungsa lan organismemanungsa tumrap alam katimbang kadadeyan

organisme kang urip ing sakupenge lingkungan kasebut.

Perkara karusakan kasebut, minangka sasmitane alam marang manungsa supaya nduweni rasa gumati marang alam lan kaelingan ngenani karusakan alam. Rasa eling marang kaslamatan alam minangka rasa kang kudu diduweni saben manungsa. Rasa kaelingan manungsa tumrap alam bisa diwujudake lumantar tumindake kang nglestarekake alam utawa lingkungan sakupenge. Gegambaran kesadharane manungsa marang alam uga kagambar sajrone karya sastra kang diciptakake dening sastrawan lumantar paraga-paraga sajrone karya sastra kasebut. Pangripta nggayutake antarane sastra lan alam. Bab kasebut ditduhake sajrone karya sastra kanthi tema alam utawa lingkungan kang ana sajorne studi sastra. Tema ngenani lingkungan utawa alam wis akeh dicakake sajrone karya sastra,kayata geguritan, wacan bocah, prosa, cerpen lan novel. Alam minangka salah sijine subjek kanggo nyiptakake sawijine karya sastra kanthi pamilihan diksi kang sesambungan karo tema alam, tuladhane wit-witan, tetandhuran, segara, kewan, ombak lan sapiturute. Ing kahanan liya, sastra digunakake minangka medhia kanggo aweh kritik ngenani kahanan alam, utamane bab karusakan alam. Gegambaran ngenani rasa kaelingan manungsa tumrap alam uga diandharake sajrone novel *Podhang Ngisep Sari* anggitane Hari Jumanto.

Hari Jumanto minangka sastrawan saka Gunungkidul, Yogyakarta. Hari Jumianto kang uga asring nganggo sesilih M. Hariwijaya, lair ing Sokoliman, Bejiharjo Karangmojo, Gunungkidul, Yogyakarta, Jumewah Pon, 1 Juni 1976. Mlebu pawiyatan kawiwitan ing SDN Bejiharjo II, SMPN 1 Karangmojo lan SMAN 1 Wonosari Gnungkidul. Sabanjure nerusakake studi ing Fakultas sastra UGM. Alumnus Sekolah Pascasarjana UGM Jurusan Sosiologi taun 2007, iki miwit pangupajiwani minangka panulis buku kanggo penerbit ing Yogyakarta Jakarta, Semarang lan Surabaya. Panulis ngedegake penerbit Elmatera ing taun 2007 iku uga. Buku anggitane maneka werna tema kayata kabudayan, motivasi, lan sujarah kang momot pendhidhikan karakter. Buku

Podhang Ngisep sari iki karya panulisan kang sepisaran ing babagan fiks.

Novel *Podhang Ngisep Sari* kang diringkes dadi novel PNS anggitane Hari Jumanto minangka salah sijine novel kang ditulis kanthi latar alam ing Gunungkidul, Indonesia. Novel kang kasil njunjung tema alam kasebut, laras karo irah-irahane yaiku *Podhang Ngisep sari*. Podhang Ngisep Sari yaikuarane umbul-umbul kanggo wilayah wetane segara yaiku Gunungkidul. Umbul-umbul kanthi werna abang lan kuning minangka pralambange alam, ateges werna abang nuduhake lemahe Gunungkidul, dene werna kuning nuduhake Gunungkidul minangka dhaerah kang ngasilake madu tawon. Bisa uga ditegesi sasarine Gunungkidul kang werna abang. Irah-irahan kasebut uga laras karo isi novel kang nyritakakeupaya nglestarekake pesisir pantai ing dhaerah Gunungkidul yaiku Pantai Pulang Sawal. Pangripta nggamarake palestarian lingkungan Pantai Pulung Sawal lumantar paraga Yanti minangka panerus kulawarga kang peduli tumrap lingkungan pesisir Pantai Pulung Sawal kang nduweni pakulinan ngresiki reregatan ing Pantai Pulung Sawal bisa narik kawigatene paraga Indra, priya kang tresna marang Yanti. Paraga Indra kang asline Preman, malah bisa ngajak para pemudha pengangguran ing Gunungkidul kanggo nglestrakake lingkungan pantai Pulung Sawal lan ngedegake Organisasi Bahari yaiku Kabomuki (Karang Bondhoku Mung Iki). Pungkasane paraga Yanti lan Indra kanthi bebarengan nglestarekake lingkungan pantai Pulung Sawal lan kanthi anane Organisasi Kabomuki, masarakat sakupenge pesisir Pantai Pulung Sawal tambah seneng anggone nglestarekake lingkungan pesisiran Pantai. Anane gerakan kang remen marang lingkungan, diajab bakal lair para pemudha-pemudhi kang nduweni ekoliterasi, yaiku generasi kang nduweni rasa eling marang kaslamatan lingkungan, pentinge alam, pentinge njaga alam lan bumi, ekosistem, alam minangka panggon lan ngrembakane panguripan.

Ahdhedhasar andharan ing dhuwur kasebut, nuwuake kepriye relasi budaya patriarki tumrap alam lan wanita, kepriye perjuwangane paraga Yanti lan Indra, kepriye perjuwangan masarakat

sajrone nglestarekake pesisir Pulang Sawal lan sapanunggale. Kanthi teori ekofeminisme Sosialis-Transformatif, panliti bakal mangsuli pitakonan ing ndhuwur kang tuwuh sajrone Novel PNS anggitane Hari Jumanto. Teori ekofeminisme sosialis-tranformatif minangka teori kang sesambungan karo bab ekologis lan feminis kang dikandhut sajrone Novel PNS lan minangka teori kang menehi ruwang kanggo Wanita lan Priya sajrone nglestrakeka alam, saengga nuwuhake irah-irahan panliten iki yaiku *Karusakan Lingkungan Pesisir Segara sajrone Novel Podhang Ngisep Sari Anggitane Hari Jumanto: Tintingan Ekofeminisme Sosialis-Transformatif*.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan "Perjuwangan Paraga Wanita sajrone Novel PNS anggitane Hari Jumanto" kalebu panliten kualitatif, amarga dhata sajrone panliten iki wujude tembung-tembung lan ukara-ukara. Dhata bisa dingerten i sawise nindakake analisis kanthi tliti lan becik. Sajrone paliten iki bakal ngandharake fakta-fakta sajrone novel kanthi nggunakake tintingan ekofeminisme sosialis-transformatif.

Metodhe kang digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata kang awujud tembung-tembung pinilih lan diksi kang ditulis sajrone novel PNS. Tintingan kang digunakanake yaiku tintingan ekofeminisme sosialis-transformatif. Tintingan ekofeminisme sosialis-tranformatif mujudake tintingan kang nggabungake aspek ekologi lan feminismé kanthii menenhi ruwang kanggo priya sajrone njaga, nyelametakake lan nglestarekake alam.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sajrone panliten iki, dhata kang digunakake arupa pacelaton antarane parga, tembung, ukara, paragraf, wacana sajrone Novel PNS anggitane Hari Jumanto kang ana sesambungane karo undheran panliten kang mujudake dhata primer. Dene dhata sekunder yaiku buku referensi. Dhata kang wis dikumpulake bajur ditintingi kanthi teori ekofeminisme sosialis-tranformatif.

Instrument Panliten

Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti minangka instrument utama. Andharan kasebut laras karo Sugiyono (2013: 59) ngandharake yen sajrone panliten kualitatif kang dadi instrument panliten yaiku panliti. Dene instrument panyengkuyung sajrone panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung sajrone panliti ngumpulake dhata. Piranti kasebut awujud buku kang digunakake yaiku buku referensi lan buku tulis, pulpen minangka piranti kanggo nulis bab kang wigati kang ana sesambungane karo panliten lan laptop minangka piranti kanggo proses ngetik dhata lan ngedhit asile panliten.

Teknik Pangumpulan Dhata

Tata cara ngumuplake dhata minangka perangan kang wigati sajrone panliten merga tujuan kang utama sajrone panliten yaiku ngolehake dhata (Sugiyono, 2013: 62). Tata cara kang digunakake yaiku teknik kapustakan. Miturut Kartini (sajrone Utomo, 2001:7), teknik kapustakan yaiku teknik kang tujuwane nglumpukake dhata lan informasi kanthi nggunakake buku lan liya-liyane kang ana ing perpustakaan yaiku Maca , nyathet dhata, merang isine utawa klasifikasi,

Tata Cara Pangolahe Dhata

Panliten iki nggunakake teknik analisis dheskriptif kang ngandharake bab kang wis ditemokake. Metodhe dheskriptif digunakake kanggo pangumpulane dhata. Tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku: 1) Pangumpulan dhata ditindakake sawise maca novel *Podhang Ngisep Sari*. Dhata kang wis dikumpulake lan diperang banjur diklasifikasikake, 2) Dhata ka diwenehi tetenger supaya gampang anggone menehi tandha marang objek panliten, 3) Dhata ditafsirake kanthi andharan, 4) Njlentrehake asiling analisis 5) Njupuk dudutan adhedhasar andharan kang wis ditemokake, 6) Nulis asile dhata lan dudutan kanthi wujud laporan panliten sajrone skripsi.

Teknik Nulis Asile Panliten

Asile panliten nuduhake upaya kanggo nyuguhake asil jlentrehan dhata kang awujud laporan ilmiah kang diasilake sajrone panliten. Carane nyuguhake panjlentrehane dhata

digunakake kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Tata cara nyuguhake andharan lan njlentrehake dhata dhata ing ngisor iki:

BAB I : Ngandharake lelandhesane panliten, underane panliten, tujuwane panliten, paedahne panliten lan wewantesane panliten.

BAB II : Ngandharake panliten saemper, konsep-konsep ing panliten, lan lelandhesan teori kang jumbuh karo panliten

BAB III : Ngandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara nglumpukne dhata, tata cara pangolahe dhata, lan tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata.

BAB IV : Ngandharake andharan, jlentrehane dhata asil panliten, lan dhiskusi asiling panliten.

BAB V : Ngandharake dudutan lan pamrayoga.

KAPUSTAKAN: Bab iki nuduhake buku-buku utawa sumber referensi

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing bab I, bab-bab kang diandharake lan dinjletrehake sajrone bab IV, yaiku 1) Wujud karusakan lingkungan sajrone Novel PNS, 2) Gegambarane perjuwangan wanita sajrone nglestrarekakae lan nylematake lingkungan sajrone Novel PNS 3) Gegambarane panyengkuyunge priya tumrap perjuwangan wanita sajrone Novel PNS, lan 4) Gegambarane panyengkuyunge masarakat tumrap perjuwangan wanita sajrone Novel PNS.

Wujud Karusakan Lingkungan sajrone Novel PNS

Karusakan lingkungan kang diandharake dening Jumanto sajrone novel PNS kedadeyan ing pesisir Pulang Sawal lan pesisir Teluk Penyu. Adhedhasar panggon dumadine karusakan lingkungan pesisir, mula sajrone sub bab iki bakal diperang dadi loro yaiku 1) Karusakan lingkungan pesisir Pulang sawal, lan 2) Karusakan lingkungan pesisir Teluk Penyu.

Karusakan Lingkungan Pesisir Pulang Sawal

Adhedhasar karusakan lingkungan pesisir kang dumadi ing Pulang sawal, kanggo ngandharake subbab iki, diperang dadi loro yaiku 1) Polusi Plastik Pesisir Pulang Sawal, lan 2) Abrasi Pesisir Pulang sawal.

Polusi Plastik Pesisir Pulang Sawal

Sajrone novel dicritakake ana kulawarga kang urip ing cedhake pesisir Pulang Sawal. Kulawarga kasebut nduweni pakulan njaga karesikan lan peduli marang kaslametan lingkungan pesisir Pulang Sawal. Akehe uwuh lan regetan plastik kang sumebyar ing Pulang Sawal narik kawigatene paraga Yanti kanggo menyang Pulang Sawal saben sore kanggo ngresiki regetan kasebut. Andharan jangkepe ing pethikan ngisor iki

Saben menyang Pulang Sawal, cangkinane wadhah uwuh. Yen regetan kuwi isa ajur ing lemah, banjur dipendhem ing ngisor uwit pandhan. Ananging yen nemoni gendul plastik utawa barang-barang kang ora isa dadi lemah, mesthi diklumpukake, ben dijupuk tukang sampah kanggo didhaur-ulang neng pabrik dadi barang-barang kang bisa kanggo gawe maneh. (Jumanto, 2018:26)

Pethikan Novel PNS ing ndhuwur nuduhake karusakan lingkungan pesisir Pulang Sawal kang digambarake dening pangripta lumantar tumindak perjuwangane paraga Yanti nylametakake lingkungan pesisir Pulang Sawal. Kacaritakake sajrone pethikan ing ndhuwur menawa Paraga Yanti nduweni pakulinan nyangking wadhah uwuh saben menyang Pesisir Pulang Sawal. Paraga Yanti ora mredulikake sesawangane wong liya menawa diarani wong tukang sampah, dheweke luwih migatikake kahanan Pesisir Pulang Sawal kang kebak uwuh lan reregatan palstik. Menawa reregatan isa ajur utawa diarani sampah organik, dipendhem ing ngisore wit pandhan. Reregetan kang ora bisa ajur karo lemah utawa bisa diarani sampah *anorganik* bakal diklumpukake ing sawijine panggon, mengko ana tukang sampah supaya didadekake barang dhaur-ulang kang nduweni nilai guna kang luwih dhuwur tinimbang dadi reregatan kang ngebaki pesisir.

Abrasi Pesisir Pulang Sawal

Perkara abrasi digambarake lumantar Yanti lan Benowo kang nalika cilik dijak dening Bapake yaiku Pak Bono nandur wit cemara lan pandhan ing pesisir Pulang Sawal. Ancase supaya dhaerah

pesanir Pulang sawal diadohake saka abrasi. Saliyane iku, pangripta uga nggambaraké kedadeyan abrasi lumantar paraga Indra lan kanca-kanca. Dheweke ngupaya nglestarikake lan nyelametakake pesisir Pulang Sawal lumantar organisasi utawa gerakan sing tresna marang lingkungan pesisir kang diarani Kabomuki. Bab kasebut jangkepe ana ing pethikan ngisor iki.

"Ca, kowe kabeh kudu melu mikir, iki garis pesisir ndhisik rasa sak mono, saben tau geser mlebu rong meteran. Iki jenenge abrasi." Indra mbukak rembug neng ngisor wit, karo kanca-kancane. (Jumanto, 2019: 219)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake dumadine perkara abrasi ing pesisir Pulang Sawal kang digambarake dening pangripta lumantar paraga Indra kang lagi rembugan karo kanca-kancane ing ngisore wit sakiwa tengene Pulang Sawal. Pethikan kasebut uga nuduhake menawa garis pesisir Pulang Sawal saya suwe saya geser saka panggonan dhisik, merga saben taune geser rong meteran. Owahe garis pesisir pulang Sawal bisa nyebabake saya kurange dhaerah pesisir lan wit-witan sakiwa tengene pesisir kayata pandhan, cemara lan bakau bisa rusak. Wit-witan kasebut ancuse supaya ngurangi gedhene ombak kang tumju pesisir. Menawa wit-witan rusak ndadekake ora gunane wit-witan kang ancuse meah ombak gedhe supaya dadi ombak kang ora gedhe nalika tumuju pesisir.

Pemanasan Global Pesisir Teluk Penyu

Gegambaran perkara *pemanasan global* dicritakake dening Jumanto sajrone karya sastra novel PNS lumantar paraga Yanti, Benowo lan Lik Minthi sajrone laku tumuju Teluk Penyu sawise dislametaake dening Kapal Rainbow Warrior nalika ngadepi badai ing tengah segara. Andharan luwih cethane ana ing pethikan ngisor iki.

Prau malkune cepet, bola-bali banyune segara nyemp yok rai nganti asin rasane, neng kulit nadahi panasing sengenge nganti kaya kobong. Wektune wis sekitar jam 10.00. ing iring wetan srengenge katon sumunar sampurna. Cahyane gilar-gilar ing banyu pesisir kaya emas disuntak sakjembare banyu segara. (Jumanto, 2019: 150)

Pethikan ing ndhuwur mujudake gegambaran nalika Lik Minthi, Yanti lan Benowo lumaku tumuju ing Teluk Penyu. Koton sesawangan pegunungan lan wewanguan arupa dermaga. Banyu segara nyemp yok rai nganti rasane asin

kanthi bola-bali. Srengenge krasa panas banget kaya kobong. Kahanan panase srengenge kasebut nuduhake tabuh sepuluh esuk. Wektu tabuh sepuluh kang kuudne srengenge krasa anget dadi krasa panas kaya kaya kobong. Kahanan kasebut kanthi cara ora langsung nuduhake anane sawijine karusakan lingkungan kang dumadi ing dhaerah kasebut. Saya nambahé panase bumi kang ora semesthine nuduhake salah sijine titikan saka karusakan lingkungan mligine *pemanasan global*.

Gegambarane Perjuwangan Wanita Nglestarekake Lingkungan sajrone Novel PNS

Sajrone novel PNS anggitane Hari Jumanto kang merjuwangane dhaerah pesisir ing Gunungkidul. Paraga kasebut yaiku paraga Yanti kang merjuwangake karesikan pesisir Gunung Kidul kang nerusakake perjuwangane bapak ibune lan paraga Indra kang ngedegakake komunitas paremen lingkungan kanggo nyengkuyung perjuwangan paraga Yanti sarta masarakat kang nyengkuyung uga perjuwangan Indra lan Yanti sajrone nylametake lan nglestarekake lingkungan pesisir. Sajrone subbab iki bakal ngandharake ngenani gegambaran perjuwangan wanita (Yanti) sajrone nglestarekake lan nylametakake lingkungan diandharake ing ngisor iki.

Menehi Piwulang Babagan Kalestarian Lingkungan marang Putrane sajrone Nglestarekake Lingkungan

Menehi piwulang sikap peduli lingkungan dianggep bab wigati, amarga nalika kabeh manungsa ing dunya iku nduweni sikap peduli lingkungan ora bakal kedadeyan perkara karusakan lingkungan. Menehi piwulang sikap peduli lingkungan bisa ditrepakake sajrone kulawarga. Andharan jangkepe ana ing pethikan novel PNS ngisor iki.

"Bibar sholat magrib, Yanti asah-asah piring nggih. Ngenjang Yanti nyapu mubeng omah wis. Nggih bu?" Yanti nyoba sepisan maneh ngrayu ibune kang isih megeg ora obah. (Jumanto, 2019: 37-38)

Tumindake Yanti kanggo ngewangi ibune, beres-beres omah, resik-resik omah minangka wujud piwulange Bu Bono marang Yanti minangka putrane. Yanti bisa resik-resik, beres-beres omah lan asah-asah piring mesthi wae diwulangi wiwit cilik dening ibune yaiku Bu Bono

saengga nganthi Yanti wis ngancik remaja dheweke wis paham resik-resik omah lan asah-asah piring tanpa nunggu diprentah dening Ibune. Bab kasebut mujudake tumindake Bu Bono kang menehi piwulang sikap peduli marang lingkungan kanggo putrane, Yanti. Saliyane resik-resik omah, Yanti uga nduweni pakulinan resik-resik pesisir Pulang sawal kang mujudake tumindake Pak Bono lan Bu Bono menehi piwulang peduli lingkungan marang putrane nalika isih cilik.

Manfaatake uwuh sajrone nglestarekake lan Nyelamatake Lingkungan

Bu Bono migunakake gedeboog kanggo ubarampen nggawe tase Yanti. Saliyane ubarampen iku, Bu Bono uga nggunakake ubarampen saka jarik bathil lawasan. Senajan tas asil karya ibune saka gedeboog, Yanti seneng banget karo tas iku tansah digawa neng ngendi wae. Andharan kasebut bisa dibuktekake kanthi pethikan ngisor iki

Yanti paling seneng maca buku ensiklopedia. Radhio cilik isi batre 2, tansah digawa ing njero tasa saka bahan jarik bathik lawasan, hasil jahitane ibune. Tas kang dijahit, disambung karo gedeboog pisang kang wis dipepe pirang-pirang minggu ing panasan saengga kuat ora mbedhel. (Jumanto, 2019: 25).

Tumindake Bu Bono nuduhake perjuwangane Bu Bono sajrone nyelametake lingkungan saka uwuh organik mligine gedeboog. Tumindake Bu Bono kasebut nguntungake manungsa liyane lan makluk sakiwa tengene Bu Bono, bumi bisa adoh saka perkara sampah gedeboog lan masarakat bisa adoh saka karusakan lingkungan. Saliyane iku, uga nguntungake banget kanggo Bu Bono, amarga kanthi manfaatake gedeboog kanggo ubarampen nggawe tas, Bu Bono bisa wae mbukak sawijine usaha kang bisa nyukupi kabutuhan saben dinane. Tas kang saka gedeboog kasebut dianggep nduweni nilai seni dhuwur, saengga menawa didol bakal larang.

Melu Komunitas Peduli Lingkungan Minnagka Upaya Nglestarekake Lingkungan

Yanti minangka paraga wanita kang ajuang kanggo keslametan pesisir Pulang Sawal kasebut melu gabung sajrone komunitas peduli lingkungan. Kahanan liyane, Indra minangka pamudha pengangguran ngedegake komunitas peduli lingkungan kanthi aran Kabomuki merga

simpati lan peduli tumrap kahanan Pulang sawal sabanjure ditinggal Yanti kuliah ing Yogyakarta, saengga ora ana sing ngrumat ndadekake Indra ngajak kancane lan ngedegake komunitas peduli lingkungan lan Yanti melu gabung. Andharan luwih jangkepe ing pethikan ngisor iki.

"Yanti kudu gelem dadi wakil ketua Kabomuki lan melu Tim Pemudha Gunungkidul ing Program Kapal Bhari Nusantara." Yanti ngiyani. (Jumanto, 2019: 234-235)

Yanti kang minangka wakil ketua Kabomuki bisa tukar pikiran karo ketua kabomuki yaiku Indra kanggo ngrembakane lan kaslametane lingkungan pesisir Pulang Sawal. Yanti kang dadi wakil ketua, dheweke bisa menehi pamanggih-pamanggih kanggo lestarine lan slamete lingkung Pulang Sawal kang laras karo pamikiran, lan apa kang dadi cita-citane Bapak lan Ibune. Saliyane dadi wakil ketua, dheweke uga dadi wakil ketua ing salah sijine program kerja Kabomuki yaiku Usaha filet kakap.

Reresik Lingkungan Pesisir sajrone Nglestarekake Lingkungan

Ngresiki pesisir mujudake sawijine kegiyatan resik-resik kanggo ngilangi uwuh utawa samubarang kang ora dinggo ing dhaerah pesisir. Kegiyatan resik-resik pesisir minangka sawijine kegiyatan kang ora kabeh pawongan bisa nindakake merga saperangan pawongan nduweni rasa isin menawa ngresiki uwuh. Saperangan pawongan uga ana kanthi lila, tulus lan iklas ngresiki pesisir merga nduweni rasa simpati lan peduli tumrap kahanan pesisir kang kebak uwuh. Pawongan kasebut digambarake lumantar tumindak perjuwangane paraga Yanti kang nduweni pakulinan ngresiki pesisir, ora medulilake panyawange wong liya kang utama pesisir resik saka uwuh lan diadohake saka karusakan lingkungan pesisir. Andharan perjuwangane Yanti luwih jangkepe ing pethikan ngisor iki.

Dheweke sangu plastik kresek ireng ing tangan kiwane. Menawa ana regetan kaya gendul plastik, lan uwuh liya-liyane sing ditemokake sadalan-dalan, dijupuk banjur dilebokake plastik kang dicangking kuwi mau. Pakulinan kuwi mau wis dilakoni saka jaman SMP. Dhek jaman semana, bapak ibune sing muruki, menawa menyang pesisir kudu reresik, mligine

regetan saka wadhah-wadhah plastikan. (Jumanto, 2019: 26)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake paraga Yanti nduweni pakulinan ngresiki pesisir Pulang Sawal kanthi njupuki gendhul plastik lan uwuh uwuh liyane ing sajrone kresek. Saben menyang Pulang Sawal, Yanti mesti sangu plastik kresek ireng ing tangan kiwane kanggo wadhah uwuh ing pesisir Pulang Sawal. Pakulinan kasebut wis mbalung sumsum ing jiwane paraga Yanti wiwit jaman SMP. Bab kasebut minangka bab kang lumrah kanggo Yanti sakulawarga, merga pakulinane Yanti kang ngresiki lan njaga Pulang Sawal mujudake piwulange Bapak Ibune wiwit cilikane. Piwulange Bapak lan ibune menawan menyang pesisir kudu reresik njupuki wadhah-wadhah plastikan lan regetan kang ngebaki Pulang Sawal.

Paraga Yanti minangka salah sijine paraga wanita sajrone novel PNS kang digambarake minangka paraga kang njunjung rasa peduli tumrap lingkungan sakiwa tengene. Yanti lila nglodhangake wektune kanggo ngresiki pesisir Pulang Sawal tanpa njaluk piwalesan saka tumindak kang ditindakake. Remaja kang biyasane seneng-seneng utawa dolan-dolan karo kancane, Yanti luwih milih ngresiki Pulang Sawal. Kabeh tumindake paraga Yanti ancuse supaya pesisir Pulang Sawal resik lan adoh saka karusakan lingkungan kaya apa kang ditindakake Bapak ibune ing jaman cilikane. Pethikan liyane kang nuduhake menawa paraga Yanti nduweni pakulinan ngresiki pesisir Pualng Sawal minangka salah siji gegambaran perjuwangane wanita ing ngisor iki.

Sikile Yanti kang trincing, kulite kuning semu soklat, khase pakulitane prawan pinggir pesisir. Mlaku alon-alon karo rengeng-rengeng, sedhela-sedhela njupuki uwuh. (Jumanto, 2019: 26)

Pethikan ing ndhuwur mujudake pethikan liya kang ngandharake menawa paraga Yanti nduweni pakulinan reresik pesisir Pulang Sawal kang nuduhake rasa peduline tumrap lingkungan. Paraga Yanti kanthi nggawa kresek ireng mlaku alon-alon sedhela-sedhela njupuki uwuh kang sumbeyar ing pesisir Pulang Sawal. Tembung "sedhela-sedhela njupuki uwuh" nuduhake menawa ing pesisir Pulang Sawal akeh uwuh kang sumbeyar. Wiwit dheweke cilik nganti tumekane

rumaja uwuh lan regetan isih ana kang sumbyar ing pesisir Pulang Sawal.

Gegambaran Panyengkuyunge Priya tumrap Perjuwangan Wanita sajrone Novel PNS

Jaman saiki anane priya kang mbiyantu wanita sajrone nindakake sakabehane bab minangka sawijine babagan kang lumrah. Beda karo jaman biyen, wanita bisa mbiyantu lan nyengkuyung tumindake priya nanging priya ora bisa mbiyantu lan nyengkuyung tumindake wanita. Bab kasebut disebabake dening ora setarane drajat priya lan wanita, drajate priya luwih dhuwur tinimbang drajate wanita saengga ndadekake saperangan priya nduweni sipat kang kurang becik marang wanita kayata ngremehake wanita, ndadekake wanita minangka kaca wingking lan sapanunggale. Kasunyatane, ing jaman saiki wanita lan priya bisa kerja bebarengan sajrone nindakake sawijine bab apa wae. Wanita lan priya bisa gotong-royom kanthi bebarengan tanpa ana pambedane, priya bisa nyengkuyung tumindake wanita lan wanita juga bisa nyekuyung tumindake priya. Priya bisa mbiyantu jejabahane wanita, wanita uga bisa mbiyantu jejabahane priya.

Ngedegakake Komunitas Peduli Lingkungan sajrone Nyengkuyung Perjuwangan Wanita

Paraga Indra kang minangka pemudha preman kang nduweni tato neng awake. Anehe tato pilihane Indra yaiku tato gambar prau ing dhadhane. Biyasane preman kang milih ttao gambar macan, singa, bajak laut lan kang serem-serem, nanging Indra luwih milih gambar prau kaya wis nudweni panyanamenawa uripe bakal ana gegayutane kato prau. Kanyatane pancen bener, pakulinane Yanti kang ngrumat pesisir Pulang Sawal diterusake Indra ngantri bisa ngedhegake sawijine komintas peduli lingkungan. Andharan jangkepe bisa dimangertenip ing pethikan ngisor iki.

Indra tekad merusake apa kang dadi pakulane Yanti, yaiku ngrumat pantai Pulang Sawal. indra ada-ada karo bocah-bocah nom pengangguran ing Giriwesi lan sing kulina setaran marang dheweke, gawe kegiyatan ing Pulang sawal. (Jumanto, 2019: 218-219)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa Indra nekad nerusake perjuwangane Yanti minangka wanita kang tansah ngrumat pesisir

Pulang Sawal. Indra ngrumat pesisir Pulang sawal ora ijenan. Indra nglumpukake pamudha kang penagguran ing Giriwesi kang kulina setoran marang Indra, tegese Indra ngajak pemudha pengangguran kang dadi anak buahe. Nglumpuke para pemudha pengangguran lan Indra saperlu nggawe sawijine kegiatan ing Pulang Sawal kang an sesambungane karo bab ngrumat Pulang Sawal.

Tumindake Indra kanthi nglumpukake para pemudha sajrone nerusakake pakulinane Yanti kang ngrumat pesisir Pulang sawal nuduhake Indra minangka priya feminis sajrone gerakan penyelamatan lingkungan. Saliyane iku, kanthi cara ora langsung perjuwangan paraga Yanti sasuwene iki nuwuhanke sawijine motivasi kanggo wong liya melu nindakake kegiatan nylametake lingkungan. bab kasebut laras karo pamikiran ekofeminisme sosilais-tranformatif kang ngandharake wanita bisa menehi motivasi wanita liya lan kaum priya sajrone nylametakake alam, merga priya utawa wanita bakal ngrasakake dampak saka karusakan lingkungan saengga wanita lan priya kudu nduweni sikpa peduli lingkungan lan nduweni tanggung jawab sajrone nylametake lingkungan.

Nggawe jeneng sawijine komunitas biyasane uga ditrepake karo ancuse ngandhege komunitas kasebut. Samrine ngrembug kanthi bebarengan, komunitas peduli lingkungan kang didhegakke Indra wis nem u jeneng kang trep lan lsaras karo ancuse komunitas peduli lingkungan kasebut. andharan jangkepe bisa dingertening pethikan ngsior iki.

"Ngene gandheng ancuse awake dhewe iki gawe penyelamatan lingkungan, lan modhale dhewe iki ya mung kae, Bukit Karang kae, lan sekitare desane awake dhewe iki ora ana liyane ya mung watu karang, aku wis duwe jeneng." Tangane Indra nuding Bukit Karang, tilas sanggare Sang Pelukis Laut."Apa ndhan?" Budi naduki.Kabomuki singkatan seka Karang Bondhoku ya Mung Iki." Kabeuh padha meneng. Ora ana panyandra apa-apa. (Jumanto, 2019:221)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa komunitas peduli lingkungan kang didhegake dening Indra diwenehi jeneng Kabomuki. Kabomuki minangsak singkatan saka Karang Bondhoku ya Mung Iki. Alesan nggawe jeneng kasebut yaiku modhal kanggo ngedhegakake

komunitas peduli lingkunga kasebut mung bukit karang lan panggon sakiwa tengene desane ora na liyane iya mung watu karang kasebut, merga bandha utawa modhale mung saanane, mula komunitas kasebut diarani Kabomuki, Karang Bondhoku Mung Iki. Jeneng kang ora lumrah kasebut nduweni makna kanggo Indra lan anggota pengurus komunitas Kabomuki liyane. Senajan bandha kang digunakake kanggo ngedhegakake mung bandha saanane lan bandha nekade Indra lan anggota komintas Kabomuki liyane, nanging yen dibarengi kanthi kekarepan kang kuwat bisa ndadekake komunitas kang kondhang kaloka. Komunitas kang dikenal dening masarakat mligine masarakat ing Gunungkidul.

Ngrembakake Lingkungan Pesisir

Ngrembakake lingkungan pesisir kanthi ngrembakake pariwisata lan sistem tranportasi bahari. Tata cara pengolahan sumber daya alam lan panggon pariwisata, sarta tranportasi kang ditindakake sakehe masarakat uga dicritakake sajrone novel PNS. Andharan luwih jangkepe bisa dimangerteni ing sub bab ing ngisor iki.

Pengolahan Sumber Daya Alam

Program pengolaha filet ikan kakap kang gumantung karo asil tangakapane nelayan kasebut minnagka asil pamikirane Kabomuki kalebu Indra kang minangka pangarsane komunitas kasebut. kekarepane Kabomuki, para nelayan bisa ngadol asil tangakapn iwake kanthi cara langsung didol lan arupa filet iwak kakap, dadi separo kanggo didol menyang pengepul lan separone dianggo filet iwan kakap. Saliyane iku, Program pengolahan filef kakap iki kang minangak salah siji program kerjane Kabomuki, uga minangka program kerjane pamarintah desa ing kana. Andharan luwih jangkepe kepriye pengolahan sumber daya alam ing pesisir pulang sawal kanthi nindakake pengolahan filet kakap bisa dingertening pethikan ngisor iki.

Aku wingi ketemu Pak Lurah. Aku takon ana apa ora program pemberdayaan ekonomi kampung nelayan. Jawabe ana. Banjur tak jaluk piye yen sing nggarap kabomuki. Ketoke disetujoni. (Jumanto, 2019: 243)

Pethikan ing ndhuwur mujudake saperangan pacelatone parga Indra lan anggota Kabomuki liyane. Indra crita menawa pamarintah desa

nduweni program kerja kang ana sesambungane karo pengolahan sumber daya alam ing pesisir yaiku program pembedhayaan perekonomi ekonomi kampung nelayan. Mangertenan anane program kasebut, Indra kang minangak pangrsane Kabomuki nduweni kekarepan supaya program kasebut ditindakake dening Kabomuki, kanthi rasa bombong manuhe, indra nyuwun marang Pak Lurah Larman yen program kasebut bisa digarap dening Kabomuki lan bejane disarujuki dening Pak Lurah Larman.

Pengolahan Panggon Wisata

Pengolahan panggon wisata uga dicitakake sajrone novel PNS anggitane Hari Jumanto. Pengolahan wisata ditindakake dening parag Indra lan Yanti kang mujudake pawongan paham ekofeminisme sosialis transformatif. Perjuwangane Indra lan Yanti bisa nuwuhake asil kang tansah dieling-eling denig masarakat. Perjuwangane kanthi menehi panyengkuyung antarane siji lan sijine ndadekake jenenge tinulis ing sawijine pesisir yaiku ing pesisir Indrayanti, Gunungkidul, Yogyakarta. Andharan jangkepe ngenani bab kasebut bisa dingertenan ing pethikan ngisor iki.

Tulisan iki sengaja dijarke karo kabeh wong minangka prasasti urip sing endah kanggo perintis Kabomuki lan Kapal Wisata Jukung Anti Tenggelam. Nganti aloke wisatawan sing padha ora ngerti sejarahé, kono iku aran Pantai Indrayanti. Sing padha teka *selfi* ing ngarep tulisan ngukuhake tetenger mau. (Jumanto, 2019: 325)

Pethikan ing ndhuwur nuduhae wujud perjuwangane Indra lan Yanti kang minangka pawongan mandegane komunitas Kabomuki. Perjuwangane Indra lan Yanti nylametakake lan nglestarekake lingkungan pesisir Pulang Sawal lan sakiwa tengene mangribawani panguripane, nganti nalika palakramane Indra lan Yanti ditindakake ing pesisir Pulang sawal lan para anggotane Kabomuki nggawe sawijine tulisan IndraYanti saka semen. Sawise telung taun palakramane Indra lan Yanti ing pesisir Pulang sawal, kabeh tilasanadicara palakramane wis ora ana, nanging siji kang tansah ngadeg jejeg yaiku tulisan IndraYanti. Tulisan Indra Yanti kasebut, sengaja dijarke dening masarakat kang minangka prasasti urip kang endah kanggo perintis Kabomuki. Pesisir kang sabenere diarani pesisir

Pulang sawal, luwih kondhange diarani pesisir IndraYanti

Pesisir Pulang sawal kang ganti jeneng dadi pesisir Indrayanti kasebut bisa dideleng baguse lan eloke sesawangan segara lan pesisir kang resik saka regetan. Bab kasebut minangka wujud perjuwangane Indra, Yanti lan Kabomuki lan masarakat sakiwa tengene pesisir Pulang Sawal (Indrayanti). Saliyane ndadekake pesisir Pulang sawal dadi pesisir Indrayanti kang saiki minangka objek wisata bahari kang kondhang ing masarakat lokal, Indra lan yanti uga ngedegakake sawijine usaha kapal wisata bahari kanthi aran kapal wisata jungkung anti tenggelam.

Gegambarane Panyengkuyunge Masarakat tumrap Perjuwangane Wanita sajrone Novel PNS

Panyengkuyunge masarakat minangka bab kang wigati kang kudu ana sajrone sakabehe kegiyatán, mligine sajrone nglestarekake lan nylametakake lingkungan. Lingkungan kang lestari nuduhake peduline masarakat sakiwa tengene lingkungan kasebut. Lingkungan kang lestari minangka pangarep-arepe saben masarakat, saengga pangarep-arep kasebut kudu digayuh kanthi bebarengan. Lingkungan kang lestari bakal diadohake saka karusakan lingkungan kang menehi dampak ala tumrap masarakat sakiwa tengene lingkungan kasebut, nanging yen wis kedadeyan perkara karusakan lingkungan, mula kabeh masarakat kudu bisa nyengkuyung kanthi bareng lumantar tanggung jawabe marang karusakan lingkungan kasebut lan ngundhakake rasa peduli lingkungan sajrone diri pribadhine. Panyengkuyunge masarakat tumrap kalestariane lingkungan bakal mangribawani saben kegiyatán kalestarian lingkungan. Panyengkuyunge masarakat tumrap kalestarian lan kaslametane lingkungan bisa diwiwiti kanthi nduweni rasa tanggung jawab lan peduli tumrap perkara-perkara lingkungan.

Panyengkuyunge Pamarintahan Desa

Pamerintahan desa minangka pamaritahan dhaerah kang paling cedhak karo masarakat, minangka bab kang lumrah menawa pamarintahan desa kayata lurah lan jabatan sangisorane lurah melu nyengkuyung kegiyatán

kang bisa gawe majune lan ngrembakane sawijine desa. salah sijine kayata kang ditindakake pamarintahan desa Giriwesi mligine Pak Lurah Larman kang semangat mabiyantu lan anyengkuyung ngrembakane kegiyatan kang ditindakake dening komunitas Kabomuki kang dipimpin Indra lan Yanti. Kepriye panyengkuyunge pamarintah desa Giriwesi tumrap ngrembakake komunitas peduli lingkungan Kabomuki, bisa dingerten i ing pethikan ngisor iki kanthi dibuktikake dhata kang kapethik saka novel PNS.

Wis ngene wae, tulung gawe cengkorongan kegiatanmu. Mengko tak cocokne karo program desa, mbok menawa cocok isa kanggo agul-agul lomba desa. (Jumanto, 2019: 224)

Pethikan ing ndhuwur mujudake pethikan kang nuduhake tanggapane Pak Lurah Lamran kanthi nyengkuyung kegiatan. Sanalika iku Indra diceluk ing Kelurahan. Indra maju ijen. Pawarta ngadege komunitas peduli lingkungan kabomuki wis dingerten i dening lurah Lamran saengga Indra diceluk ing Kelurahan kanggo negesake ngenani kabomuki. Samarine dijlentrehakake Indra ngenani Kabomuki, Pak Lamran kang minangka Lurah ngutus Indra supaya enggal nggawe cengkorongan kegiyatan kang bakal ditindakake Kabomuki, merga pihak pamarintah desa bakal nyengkuyung kegiyatan kang ditindakake kabomuki kanthi nglebokake kegiyatan kasebut sajrone program kerja desa.

Panyengkuyunge Dhinas Perikanan

Dhinas perikanan minangka sawijine pamarintah ing bidhang perikanan kang laras karo perundang-undangan, mula bab kang lumrah menawa dhinas perikanan bisa menehi panyengkuyung marang masyarakat kang nduweni kegiyatan utawa pakaryan ing bidhang perikanan uga. Salah sijine kayata penyengkuyunge dhinas perikanan sajrone kegiyatan kabomuki yaiku mlgine ing kegiyatan pengolahan filet kakap. Bab kasebut bakal dinandharake kanthi jangkep ing pethikan ngisor iki.

“Aku setuju, Kang. Kanggo pelatih, aku duwe mbakyu neng Dinas Perikanan. Megko tak suwunke priksa,” Heri saka komunitas biro perjalanan usul.“Cocok. Kabomuki butuh pelatih lan jejaring sosial. (Jumanto, 2019: 254)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake wangulan saka salah sijine kancane Indra kang nduweni Mbak ing Dhinas Perikanan, kang nalika iku lagi rembugan perkara kegiyatan pelatihan pengolahan filet kakap kang bakal dianakake dening komunitas kabomuki. Kebeneran menawa salah siji kancane Indra nduweni kenalan pawongan dhinas perikanan kang bakal bisa mbiyangtu lan menehi panyengkuyung sajrone kegiyatan pelatihan kasebut. Saliyane iku, sadurunge nganakake pelatihan pengolahan filet kakap, kabeh anggota kabomuki kudu paham kepriya tata carane ngrumat kakap dadi filet kakap, saengga nalika nganakake pelatihan wis paham. Panyengkuyung saka dhinas perikanan dibutuhake banget ing bidhang kasebut, merga kanthi penyengkuyunge lan bantuwan saka dhinas perikanan para anggota kabomuki bakal pikolah ilmu lan wawasan kang jebar ngenani pengolahan filet kakap.

Panyengkuyunge Komunitas-Komunitas ing Gunungkidul

Komunitas mujudake sakumpulane pawongan kang nduweni tujuwan utawa nacas kang padha kanggo nggayuh sawijine bab. Salah sijine kayata komunitas peduli lingkungan minangka waduh kanggo pawongan-pawongan kang nduweni tujuwan utawa nacas kang padha kanggo merjuwangake lingkungan lan alam sakiwa tengene. Adege lan rembakakne sawijine komunitas ora bisa dhewe nanging kudu disenyukung kanthi bebarengan. Tuladhane kanthi nindakake senyukung-anyengkuyung antarane komunitas siji lan sijine kayata kang ditindakake dening anggota komunitas kabomuki lan anggota komunitas peduli lingkungan liyane ing dherah Gunungkidul. bab kasebut bakal dinandharake kanthi rinci ing pethikan ngisor iki.

Kabeh padha sengkut gumregut kanthi rasa seneng. Pengurus Kabomuki dikompliti, saben pantai dibuka perwakilan Kabomuki, lan sabanjure ngrembug babagan program kerja. Kanggo panutuping sarasehan, kabeh organisasi ditugasi setor jeneng loro, diseleksi ndherek program kapal jelajah Bahari Nusantara ing bar pitulasan tahun ngarep. (jumanto, 2019: 230)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa kabeh organisasi utawa komunitas ing sakupenge Gunungkidul padha menehi panyengkuyung

kanggo lumakune lan rembakane program kerja kang ditindakake dening komunitas Kabomuki. Bab kasebutu nuduhake menawa pawongan sakupenge komunitas kabomuki isih nduweni rasa peduli marang liya, mligine marang sapadha manungsa lan saliyane manungsa yaiku alam. Kabeh padha semangat anggone nyengkyung perjuwangane komunitas kabomuki mligine perjuwangan Indra lan Yanti. Pethikan liyane kang nuduhake panyengkuyung masyarakat liyane ing pethikan ngisor iki.

Ing panggon iki ana komunitas perupa, fotografer Gp, pemandhu budaya, aktivis pasar ekologi, pemandhu wisata otbon, biro wisata indhul, entertainer *online*, anan saka koran *online*, saka GK tivi, forum penulis negeri batu lan anshor-banser. (Jumanto, 2019:253)

Pethikan ing ndhuwur mujudake panyengkuyunge masyarakat lumatar komunitas perupa, fotografer, pemandhu budaya, aktivis pasar ekologi, pemandhu wisata otbon, biro wisata, entertainer *online*, Gk tivi, forum penulis negeri batu lan liya-liyane. Kabeh komunitas kang nyengkuyung program kerja kang ditindakake dening Kabomuki kasebut nduweni jejibahan dhewe-dhewe. Salah sijine kayata jejibahan saka fotografer yaiku pemotretan kanggo promosi produk filet kakap, promosi kasebut bisa lumantar medhia koran *online*, medhia tivi (GK tivi). Pethikan kang nuduhake bab kasebut ing ngisor iki.

"Medhia siap ngliput.... gratis." Basuki kang mandhegani koran *online* usul saka mburi."Kanggo promosi butuh artis cantik nggo pemotretan, Bos." Joko karo miling-miling kamerane ora gelem kalah. Kayata, foto saiki isa agawe ngunggahke papan utawa acara dimangertenin masarakat luas. Mula bukane komunitas fotografer GP iku digawe bareng-bareng kancane. (Jumanto, 2019: 254)

Panyengkuyunge komunitas ing Gunungkidul nuduhake mundhake rasa kesadharan masarakat, sawise adege komunitas peduli lingkungan Kabomuki. Bab kasebut uga nuduhake menawa perjuwangan kang nuwuhake pengorbanan kang ditindakake dening Indra lan Yanti sasuwene iki ora muspra. Kanyatane ngasilake bab kang becik kang wujude mundhake kesadharan kepedulian masarakat tumrap lingkungan.

PANUTUP

Dudutan

Panliten kanthi irah-irahan *Karusakan Lingkungan Pesisir Segara sajrone Novel Podhang Ngisep Sari Anggitane Hari Jumanto* kanthi nggunakake tintingan ekofeminisme sosialis-trasformatif. Karusakan lingkungan dumadi saka rong perkara, yaiku proses alam lan tumindake manungsa kang sembrana marang lingkungan. Karusakan lingkungan disebabake dening proses alam minangka takdire Gusti, beda karo karusakan lingkungan kang disebabake tumindake manungsa kang sembrana kasebut bakal ngrugikake manungsa liyane. Karusakan lingkungan bisa kedadeyan ing ngendi wae, salah siji tuldhane karusakan lingkungan kang dumadi ing dherah pesisir segara.

Novel PNS anggitane Hari Jumanto minangka salah sijine novel kanthi tema alam kang bisa ditintingi nggunakake teori ekofeminsime sosialis-trasformatif kang ngrembug wujud-wujud karusakan lingkungan ing dhaerah pesisir, kayata polusi plastik ing pesisir Pulang Sawal lan Teluk Penyu, abrasi pesisir Pulang Sawal lan *pemanasan global* ing pesisir Teluk Penyu. Karusakan lingkungan kang kedadeyan ing dherah pesisir kasebut nuwuhake kesadharane paraga Indra lan Yanti kanggo merjuwangane dherah pesisir supaya diadohake saka karusakan lingkungan. Perjuwangane Indra lan Yanti sajrone nylametakake lan nglestraekake lingkungan pesisir nuwuhake sawijine komunitas peduli lingkungan kanthi aran Kabomuki. Kabomuki minangka komunitas peduli lingkungan kang didegakek dening Indra minangka upayane nylametakake lingkungan pesisir, lumantar komunitas Kabomuki kasebut kabeh masarakat bisa padha nyengkuyung kaslametane lingkungan pesisir kanthi gotong royom ngrembakake kabomuki.

Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan *Karusakan Lingkungan Pesisir Segara sajrone Novel Podhang Ngisep Sari Anggitane Hari Jumanto* kanthi nggunakake tintingan Ekofeminisme sosialis-trasformatif minangka panliten kang kapisan, saengga objek panliten kasebut bisa ditliti maneh

kanthi nggunakake teori liyane kang laras karo isi saka objek panliten kasebut. Panliten sabanjure bisa nggunakake teori-teori liyane kanthi luwih gamblang maneh saengga bisa ngundhakake rembakane ilmu sastra ing basa jawa. Saliyane iku lumantar panliten iki bisa menehi sawijine piwulang kang becik marang pamaca mligine piwulang ing bab sikap peduli lingkungan marang masarakat lan pamaca.

Panliten iki nuduhake kalungguhan wanita liyane, menawa wanita dudu minangka kanca wingking. Panliten iki nuduhake menawa wanita minangka makluk kang kuwat, yen wanita uga bisa nindakake sawijine kegiyatana penyelamatan panguripane maungsane kanthi nylametakake lan nglestarekake lingkungan. Saliyane iku, teori ekofeminisme sosialis-tranformatif uga nuduhake menawa wanita lan priya nduweni kalunggahan kang padha, wanita lan priya nduweni tanggung jawab kanggo njaga lingkungan marga wanita lan priya bakal ngrasakake dampak saka karusakan lingkungan, mula saka iku wanita lan priya kudu nyawiji sajrone nylametakake lan nglestarekake lingkungan lan alam supaya bisa diadahake saka karusakan lingkungan.

KAPUSTAKAN

Aliyah, Ida Hidayatul., dkk. 2018. *Feminisme Indonesia dalam Lintas Sejarah*. Jurnal Pembangunan Sosial, (Online), Vol 1, Nomor 2: hal 40-153, (<http://journal.uinsgd.ac.id/index.php/temali/article/view/3296>, diakses tanggal 9 Mei 2020)

Arif, Syaiful. 2011. *Upaya Komunitas Nol Sampah dalam Mengorganisir Masyarakat Untuk Mengelola Sampah di Wilayah Kota Surabaya: Studi Kasus di Kelurahan Mojo Kecamatan Gubeng Surabaya*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Islam Negeri Islam Sunan Ampel.

Amminuddin. 1990. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Barlian, Eri. 2016. *Metodologi Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Padang: Sukabina Press

Bisnis.com. 23 Agustus 2019. *Tahun Depan Perindo Unita Natna Ekspor Fillet ke AS dan Eropa*. (<http://sumatra.bisnis.com/read/20190823/534/1140360/tahu-depan-perindo-unit-natuna-ekspor-fillet-ke-as-eropa>, diakses pada tanggal 19 Februari 2020)

Candraningrum, Dewi dan Hunga. 2015. *Ekofeminisme III*. Yogyakarta: Jalasutra.

Chandra, Afry Adi. 2017. *Ekokritik dalam Cerpen Indonesia Mutakhir*. Jurnal Pena Indonesia, Jurnal Bahasa Indonesia, Sastra dan Pengajarannya, (Online), Vol 3 Nomor 2: Hal 100-129, (<https://journal.unesa.ac.id/index.php/jpi/article/view/1704>, diakses pada tanggal 9 Mei 2020)

Darni. 2016. *Kekerasan terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.

Dirjet SDA. 9 Desember 2017. *Sosialisasi Pembentukan Komunitas Peduli Sungai*. (online), (<http://sda.pu.go.id/bwssumatera5/sosialisasi-pembentukan-komunitas-peduli-sungai/>, diakses pada tanggal 17 Februari 2019)

Endraswara, Suwardi. 2016. *Sastra Ekologi: Teori dan Praktik Pengkajian*. Yogyakarta: CPAS (Center for Academic Publishing Service)

Fajar, Jay. 2019. *Hari Laut Sedunia, Sampah Masih Memenuhi Pesisir Utara Lamongan*. (Online), (<http://www.google.com/amp/s/www.mongabay.co.id/2019/06/09/foto-hari-laut-sedunia-sampah-masih-penuhi-pesisir-utara-lamongan/amp>, diakses tanggal 20 Desember 2019)

_____. 2019b. *Air Laut Indoensia Sudah Terpapar Mikroplastik dengan Jumlah Tinggi, Seperi Apa?*. (<https://www.mongabay.co.id/2018/06/08/air-laut-indonesia-sudah-terpapar-mikroplastik-dengan-jumlah->

[tinggi-seperti-apa/amp/](#), diakses tanggal 30 Desember 2019)

Handoko, Putut. 2007. *Mediasi Konflik Penanganan Kerusakan Pantai: Studi Kasus Penanganan Barasi Pantai Kuta Bali*. Tesis tidak diterbitkan. Semarang: Universitas Diponegoro Semarang.

Indarti. 2016. *Novel Lemah Tanjung Kaya Ratna Indraswari Ibrahim: Perspektif Ekofeminisme*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS Universitas Negeri Surabaya.

Juanda, Juanda. 2018. *Eksplorasi Nilai Pendidikan Lingkungan Cerpen Daring Republika: Kajian Ekokritik*. Jurnal Sosial Humaniora, (Online), Vol 11 Nomor 2: Hal 67-81, (<http://iptek.its.ac.id/index.php/jsh/article/view/4331> dikases pada tanggal 9 Mei 2020)

Jumanto, Hari. 2019. *Podhang Ngisep sari*. Yogyakarta: Elmatera.

Kemenristekdikti. 2019. *Pedoman Penulisan Karya Tulis Ilmiah Mahasiswa Fakultas Bahasa dan Seni*. Surabaya: Unesa University Press.

Mubarok, Zaky. 2017. *Kajian Ekokritik pada Naskah Drama Kisah Perjuangan Suku Naga Karya Rendra*. Jurnal Sasindo Unpam, (Online), Vol 5 Nomor 2: Hal 1-24, (<http://openjournal.unpam.ac.id/index.php/Sasindo/article/view/849>, dikases pada tanggal 8 Mei 2020)

Novitasari, Ifa. 2018. *Perjuangan Tokoh Jumini terhadap Penyelamatan Pulau Bungin: Kajian Ekofeminisme Sosialis-Transformatif*. Skripsi diterbitkan oleh: Universitas Negeri Surabaya.

Radar Banyumas. 23 Februari 2019. *Persoalan Sampah Teluk penyu Belum Usai*. (<https://radarbanyumas.co.id/persoalan-sampah-teluk-penyu-belum-usai/>, diakses pada tanggal 10 Januari 2020)

Rahma, Diana Esmeralda. 2017. *Perjuangan Tokoh Molek dalam Novel Jamangilak Tak Pernah Menangis Karya Martin Alieda: Kajian ekofeminisme*. Skripsi diterbitkan oleh : Univeristas Negeri Subaraya

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teoei, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

_____. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Ryadi, AL Slamet. 1991. *Kesehatan Lingkungan*. Surabaya: Karya Anda

Shiva, Vandana dan Maria Mies. 2005. *Ecofeminism: Perspektif Gerakan Perempuan dan Lingkungan*. Yogyakarta: IRE Press

Singarimbun, Marsi dan Sofian Effendi. 1986. *Metodologi Penelitian Survei*. Jakarta: LP3S

Suaeb, Muhammad. 2019. *Terinspirasi Limbah Pohon Pisang Berserakan*, (Online), (<Http://radarbojonegoro.jawapos.com/read/2019/09/19/156504/terinspirasi-limbah-pohon-pisang-berserakan>, dikases pada tanggal 10 Februari 2020)

Suartika, Nienia. 2017. *Abrasi Laut dan Ulah Manusia*. (Online), (<Https://www.kompasiana.com/amp/nienasuartika/5a44472ff133445a571efb82/abrasi-laut-dan-ulah-manusia>, diakses pada tanggal 13 Januari 2020)

Sudikan, Setya Yuwana. 2015. *Ekologi Sastra (Ecicriticism) sebagai Disiplin Ilmu Baru dalam Kritik Sastra Indonesia*.

_____. 2016. *Ekologi sastra*. Lamongan: CV Pustaka Ilalang Grup

Suharto, Sugiharto. 2002. *Kritik Sastra Feminis: Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Tong, Rosemarie Putman. 2004. *Feminism Thought: Pengantar Paling Komperuhensif kepada Arus Utama Pemikiran Feminisme*. Yogyakarta Jalasutra

Uniauwati. 2014. *Nelayan di Lautan Utara: Sebuah Kajian Ekokritik*. Jurnal Kandai, (Online), Vol 10 Nomor 2: Hal 246-257, (<Https://ojs.badanbahasa.kemdikbud.go.id/jurnal/index.php/kandai/article/>

[view/328/0](#), dikases pada tanggal 8 Mei 2020)

[feminisme-dalam-novel-cinta-suci.pdf](#),
diakses pada tanggal 8 Mei 2020)

Utami, Fitria Herdiana. 2017. *Perjuangan Tokoh Karen dalme Novel Sarongge Karya Tosca Santoso: Prespektif Ekofeminis Sosialis-Transformatif*. Skripsi diterbitkan oleh Universitas Negeri Surabaya

Utina, Ramil dan Dewi Wahyuni K. Baderan. 2009. *Ekologi dan Lingkungan Hidup*. Gorontalo. _____

Widakuswara, Patsy. 2017. *Di PBB, Indonesia Sampaikan Komitmen Tekan Sampah Laut 70% dalam 8 Tahun*. (<https://www.voaindonesia.com/amp/indonesia-komitmen-tekan-sampah-laut-70-persen-/3891690.html>, diakses pada tanggal 10 januari 2020)

Wiyatmi, dkk. 2017. *Ekofemininisme : Kritik Sastra Berawasan Ekologi dan Feminis*. Yogyakarta: Cantrik Pustaka

Wulan, tyas Retno. 2007. *Ekofeminisme Transformatif: Alternatif Kritis Mendekonstruksi Relasi Perempuan dan Lingkungan dalam Solidality*: *Jurnal Transdisiplin, Sosiologi, Komunikasi dan Ekologi Manusia*. (Online), Vol 1 Nomor 1: Hal 105-130, (<https://journal.ipb.ac.id/index.php/solidity/article/view/5935>, diakses pada tanggal 3 November 2019)

VoxNTT. 07 Maret 2018. *Aleta Baun: Perempuan TimorPejuang Kemanusia dan Lingkungan*. (Online), (<https://voxntt.com/2018/03/07/aleta-baun-perempuan-timor-pejuang-kemanusiaan-dan-lingkungan/25821/>, diakses pada tanggal 9 Februari 2020)

Yeni, Syafima., dkk. 2018. Fenomena Feminisme dalam Novel Cinta Suci Zahrana Karya Habiburrahman El Shirazy. Jurnal Pendidikan Bahasa dan sastra Indonesia, (Online), Vol 1 Nomor 2: Seri C 164-240, (<https://media.neliti.com/media/publications/119052-ID-fenomena->



UNESA

Universitas Negeri Surabaya